

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ
SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE
EEC FINANCIAL ASSISTANCE POLICY VARIANCE REQUEST / DEMANN DIVÈJANS NAN POLITIK
ASISTANS FINANSYE EEC
SPECIAL NEED OF PARENT EXTENSION / BEZWEN SPESYAL POU EKSTANSYON POU PARAN**

Chè Paran:

Regilasyon Department of Early Education and Care (EEC) pèmèt sèlman yon Paran itilize bezwen sèvis pou bezwen spesyal/andikap pandan yon limit de lane. Yon fwa yon paran atenn limit de lane li a, EEC pral detèmine si yo ka apwouve yon divèjans pou pèmèt yon paran kontinye kalifye pou gad timoun apre limit la.

Pou nou konsidere w pou yon ekstansyon de limit de lane a, fòk ou soumèt prèv klè ki satisfè egzijans EEC yo pou demann pou divèjans. Demann pou divèjans yo limite a sikonstans etranj, dezenkilpan kote mank aksè oswa pèt de asistans finansye EEC ta mete yon timoun ki deja sou risk nan pi gwo danje. Gade Gid sou Politik Asistans Finansye EEC a, Seksyon 4.4:Mande Divèjans nan Politik. Sikonstans ekstraòdinè ka gen ladan yo:

- “Lanmò, maladi grav yon fanmi imedya oswa lòt kriz fanmiyal ekstrèm ki afekte kapasite fanmi an pou konfòme tanporèman avèk politik asistans finansye EEC estanda a;
- Sikonstans dezenkilpan kote pèdi asistans finansye EEC te mete aranjman gad fanmiyal yon timoun an danje ki ta otreman nan gad Department of Children and Families; oswa
- Yon evènman Katastwofik oswa dezaz natirèl nou pa te prevwa, tankou inondasyon oswa dife ki ta lakòz bezwen imedya yon fanmi pou asistans finansye tanporè pou ede estabilize fanmi an.” Gid sou Politik Asistans Finansye EEC a, Seksyon 4.4.

Pou mande yon divèjans tanpri ranpli swivi a avèk enfòmasyon detaye epi depoze tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a. **Fòk EEC resevwa Fòmilè Demann Divèjans sa a ak tout dokimantasyon sipò yo uit semèn avan fen otorizasyon aktyèl ou.** EEC rezève dwa pou refize revizyon tout fòmilè depoze apre dat limit la.

Enfòmasyon Kandida Divèjans la:

Dat: _____

Non Paran an: _____

Non Konplè ak Dat Nesans Timoun yo: _____

Adrès Konplè Paran an: _____

Nimewo Telefòn: _____ Imèl: _____

a

EEC pral revize demann w epi pran an konsiderasyon bezwen spesyal/andikap ou ki dokimante a ak laj pitit ou. Ou pral oblije dekri rezon an pou bezwen spesyal ou pwolonje jis apre limit de lane a:

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ
SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE
EEC FINANCIAL ASSISTANCE POLICY VARIANCE REQUEST / DEMANN DIVÈJANS NAN POLITIK
ASISTANS FINANSYE EEC
SPECIAL NEED OF PARENT EXTENSION / BEZWEN SPESYAL POU EKSTANSYON POU PARAN**

Dokiman sa yo obligatwa pou yon soumisyon konplè:

- Yon nouvo Fòmilè Verifikasyon Andikap/Bezwen Spesyal pou Paran ki konplètman ranpli.
- Yon nouvo lèt nan men pwofesyonèl medikal ou ki dwe adrese bagay sa yo:
 - Idantifikasyon andikap/bezwen spesyal ou;
 - Eksplikasyon sou kijan kondisyon an anpeche w travay oswa patisipe nan pwogram edikatif oswa fòmatif;
 - Eksplikasyon sou kijan andikap/bezwen spesyal ou afekte kapasite w pou w founi yon anviwònman sekirite pou swen pitit ou (yo), epi pran an konsiderasyon **laj ak bezwen timoun nan (yo)**;
 - Kantite tan gad timoun nesese pou akomode andikap/bezwen spesyal ou ak/oswa founi yon anviwònman sekirite pou pitit ou, ki enkli kantite jou pa semèn ak è pa jou sèvis edikasyon ak gad bonè yo nesese; ak
 - **Jistifikasyon pou pouki kondisyon sa a pèsiste ak pouki li mande yon egzansyon pou limit de lane a.**
- Kopi dènye de (2) Fòmilè Verifikasyon Andikap/Bezwen Spesyal pou Paran ou te depoze bay Administratè Sibvansyon w. Si w pa gen kopi, tanpri mande yo nan men Administratè Sibvansyon w.

Mwen konprann ke si yo refize demann pou divèjans sa a, mwen pa kapab mande apèl pou desizyon sa a atravè yon Demann pou Revizyon ni yon Demann pou Odyans. Sibvansyon mwen pral fini nan dènye dat otorizasyon aktyèl mwen si mwen pa kapab founi prèv pou yon lòt bezwen pou sèvis.

Siyati Paran an: _____

Dat: _____

Tanpri ranpli fòmilè sa a epi kole tout enfòmasyon sipò obligatwa yo epi remèt li bay EEC pa voye pa lapòs nan:

Financial Assistance Unit
Department of Early Education and Care
50 Milk Street, 14th Floor
Boston, MA 02109
Oswa voye faks nan 617-988-2451.

Fòk nou resevwa Fòmilè Demann Divèjans ak tout dokimantasyon sipò yo uit semèn van fen otorizasyon aktyèl ou.